

DEKLARASYON SOU SÈMAN

Bay yon deskripsyon dènye ensidan abi a avèk detay. Jij la bezwen tout kantite enfòmasyon ki posib, tankou sa ki te pase a, aksyon chak moun, dat yo, kote yo, nenpòt chòk, ak nenpòt sèvis medikal oswa lòt sèvis ou te chèche. Epiyou bay deskripsyon nenpòt istwa abi, avèk tout kantite detay anwo a ki posib.

Nan dat oswa apre nan dat _____, 20____, Akize a

*This form is for your reference only. Do not submit to the court.
Form sa a la sèlman pou referans. Pa remèt li nan tribunal la.*

Si ou bezwen plis espas, tache lòt paj epi koche kaz sa a:

Anba menas pou sanksyon pou fo temwayaj, mwen deklare tout deklarasyon pou sa ki endike anwo a, ansanm ak sa ki endike nan P.1, Seksyon E ak P.2, Seksyon A ak B fòm Plent lan konsènan aksyon tribinal anvan oswa ki annatant, epi nan nenpòt lòt paj ki tache, se deklarasyon ki vrè dapre tout sa mwen konnen.

DAT SIYATI A	SIYATI MOUN KI FÈ PLENT LAN	
TEMWEN	NON TEMWEN AN LÈT DETACHE	TIT TEMWEN AN
X _____		

Mwen fè transkripsyon deklarasyon sou sèman anwo a pou Moun ki Fè Plent lan

Siyati Non an Lèt Detache

- Entèprèt Sètifye Tribinal
- Entèprèt Tribinal Verifye
- Lòt _____
- Tradiksyon Delwen nan Telefòn/Videyo

EKSPLIKASYON POU MOUN KI FÈ PLENT LAN

PWOTEKSYON KONT ABI

Dapre chapit 209A Lwa Jeneral Massachusetts, Jij yo kapab bay Lòd pou pwoteje moun kont abi fanmi oswa moun nan kay ap fè sou yo. Ajans lapolis ap anrejistre Lòd yo epi y ap egzekite yo. Anjeneral, yo rele "Abuse Prevention Orders" (Lòd pou Prevansyon kont Abi) oswa "Restraining Orders" (Lòd Restriksyon) oswa "209A Orders" (Lòd 209A). Nan ijans ki genyen apre lè tribinal fèmen oswa nan jou wikenn, ou ka mande lapolis lokal ou pou mete ou an kontak avèk yon Jij.

LIS TOUT SA POU METE NAN FÒM YO

FÒM POU FÈ PLENT LAN: Pou mande yon Lòd Prevansyon kont Abi, ou dwe ranpli yon fòm Plent de (2) paj ak nenpòt lòt fòm apwopriye. Pa gen frè depo pou peye. Ou se "Moun ki Fè Plent lan." Moun ou deklare ki fè abi sou ou a se "Akize" a.

Pati C: Si oumenm oswa Akize a poko gen laj 18 tan, endike sa nan Pati C a. Lalwa prevwa pwosè sa yo pa lib pou enspeksyon piblik epi yo disponib sèlman pou Moun ki Fè Plent lan, avoka Moun ki Fè Plent lan, moun ki poko gen laj 18 tan, oswa yon paran oswa yon responsab legal moun ki poko gen laj 18 tan. Si oumenm ak Akize a gen plis pase laj 18 tan, anjeneral dosye tribinal la pou zafè sa a ap disponib pou enspeksyon piblik. Si ou gen rezon valab pou mande Jij la pou kenbe lòt pati dosye tribinal la an sekre, ou ka fè yon demann alekri (yon "mosyon") pou mande Jij la pou li fè sa. Anjeneral, yon preferans jeneral pou enfòmasyon prive pa yon rezon ki ase pou pèmèt yo kenbe dosye tribinal la an sekre.

Pati E: Si ou reponn "WI," tanpri vini nan sal odyans tribinal la avèk nenpòt papye legal ou genyen nan nenpòt pwosedi tribinal konsa.

Pati J: Nan nimewo 5 lan, pèt finansye ka gen ladan, men pa sèlman, salè oswa sipò ou pa touche, depans pou re-konekte sèvis piblik, depans ranplasman pou seri pòt oswa byen pèsone yo retire oswa ki detwi, depans medikal oswa depans pou demenajman, ak frè rezonab avoka.

DEKLARASYON SOU SÈMAN: Nan dèyè premye kopi (blan) fòm pou fè Plent lan, gen yon deklarasyon sou sèman kote ou ta dwe bay deskripsyon sou abi a. Lè w ap mande reparasyon apre lè tribinal la fèmen, ou dwe ranpli deklarasyon sou sèman an, sof si yon Jij ba ou lòt enstriksyon.

FÒM ENFÒMASYON SEKRÈ MOUN KI FÈ PLENT. Antre enfòmasyon ki apwopriye (adrès ak nimewo telefòn yo). Moun ki ka jwenn enfòmasyon ou bay nan fòm sa a sèlman se Moun ki Fè Plent lan, moun ki gen otorizasyon Moun ki Fè Plent lan, moun ki gen otorizasyon dapre lalwa oswa lòd tribinal. Men, adrès kay ak adrès travay Moun ki Fè Plent lan dwe parèt nan lòd la epi li dwe fasil pou Akize a ak avoka Akize a jwenn sof si Moun ki Fè Plent mande espesyalman pou yo retire enfòmasyon yo nan lòd la. Tribinal la konsève fòm man, men fòm nan pa fè pati dosye piblik.

DEKLARASYON SOU SÈMAN POU DIVILGE PWOSEDI POU GADRI OSWA LAGAD TIMOUN: Si ou gen nenpòt timoun, koche kaz "WI" nan Pati H nan Paj 1 fòm pou fè Plent lan, ranpli pati anlè ak nenpòt lòt pati apwopriye Paj 2, epi swiv eksplikasyon ki nan Pati A nan Paj 2 a pou ranpli yon Deklarasyon sou Sèman pou Divilge Pwosedi pou Gadri oswa Lagad Timoun.

FÒM ENFÒMASYON AKIZE A: Fòm sa a bay deskripsyon sou Akize a ak kote yo kapab jwenn moun nan. Sa ap ede ofisye lapolis jwenn moun nan pou yo remèt li Lòd la.

This form is for your reference only. Do not submit to the court.
Fòm sa a la sèlman pou referans. Pa remèt li nan tribinal la.